Pou Piblikasyon Imedya: 01/09/2021 **GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL**

GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE NOMINASYON NAN WO NIVO ADMINISTRASYON AN

Kathryn Garcia pral sèvi kòm Direktè Operasyon Eta a

Neysa Alsina pral sèvi kòm Konseye Espesyal pou Soulajman Pandemi

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a de nominasyon wo nivo nan administrasyon li a. Kathryn Garcia ak Neysa Alsina pral sèvi kòm Direktè Operasyon Eta a ak Konseye Espesyal pou Soulajman Pandemi respektivman.

"Lè mwen te prete sèman ofisyèlman semèn pase a, mwen te souliyen premye priyorite pou konbat varyan Delta a, jwenn èd pou Nouyòkè yo pi rapid ke posib, epi chanje kilti a nan Albany," **Gouvènè Hochul te deklare.** "Kathryn Garcia ak Neysa Alsina se sèvitè piblik ki akonpli epi ki devwe nan fason ekstraòdinè. Yo konnen kijan pou dirije operasyon efikas ak pwofesyonèl, epi yo pral enstriman pou rann gouvènman Eta nou an travay pi byen pou Nouyòkè yo epi restore konfyans nan gouvènman an."

Nou te nonmen **Kathryn Garcia** kòm Direktè Operasyon Eta a. Li te sèvi anvan kòm Komisyonè Depatman Sanitasyon (Department of Sanitation) Vil New York, ap dirije 9,700 anplwaye an inifòm ak sivil li yo. Pandan plis pase sis lane nan bawo a, Madam Garcia te dirije depatman an nan apeprè 15 pous nèj, te devlope pwogram anviwònman soti nan koleksyon dechè elektwonik rive nan pi gwo pwogram òganik bò lari epi mete anplas solisyon teknoloji inovan pou jere pèsonèl ak flòt li an alafwa. Anplis travay li nan Depatman Sanitasyon an, li te sèvi kòm Lidè Czar, ki devlope yon plan pou elimine nivo plon ki elve kay timoun, epi pandan sezon ivè 2019 la, li te entèvni tou kòm Prezidan pa Enterim Otorite Lojman (Housing Authority) Vil New York pou kòmanse mizanplas yon akò ak gouvènman federal la. Pandan pandemi an, Komisè Garcia te sèvi COVID-19 Food Czar, ki livre plis pase 1 milyon repa pa jou pou Nouyòkè ki grangou yo. Yon Nouyòkè depi anpil tan, Komisè Garcia te lanse karyè li antanke entèn nan Depatman Sanitasyon. Anvan li retounen nan Depatman an kòm Komisè, li te sèvi kòm Chèf Operasyon nan Depatman Pwoteksyon Anviwònmantal (Department of Environmental Protection, DEP) Vil New York, kote li te responsab operasyon apwovizyònman dlo, sistèm dlo ak egou, ak izin trètman dlo ize Vil la. Anvan sèvis li nan DEP, Garcia te Vis Prezidan nan Appleseed. Komisè Garcia te fè yon B.A. nan Inivèsite Wisconsin-Madison.

Nou te nonmen **Neysa Alsina** kòm Konseye Espesyal pou Soulajman Pandemi Madam Alsina te sèvi anvan kòm konseye anchèf nan New York City Comptroller, ap sipèvize kesyon legal Biwo a epi reprezante enterè li nan garanti sante fiskal Vil la ak byen senk sistèm pansyon Vil la. Madam Alsina te sèvi kòm Konseye Prensipal nan Politik pou Manm Kongrè Nydia M. Velázquez nan Washington, D.C. anvan wòl sa, li te Konseye pou Asosyasyon Ba Vil New York kote li te bay konsèy legal sou sijè ki divèsye. Madam Alsina te konseye anvan tou sou divès kesyon legal nan Inyon Kredi Minisipal (Municipal Credit Union). Madam Alsina genyen yon diplòm Doktora Jiridik (J.D.) nan Fordham University School of Law ak yon Lisans Asosye (B.A.) nan Rutgers University.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

ANILE ENSKRIPSYON OU